

Gid pou jwenn èd - Somerville

Ou mèt kòmanse ak CHA! Kowòdinatè Resous pou Pasyan yo (PRC), yo la pou ede w ak zafè chofaj kay la, elektrisite a, nouriti a, lojman an, deplasman yo ak lòt bagay ankò. Si w gen kesyon oswa ou bezwen èd, ou mèt rele Sant “CHA Primary Care” epi mande pou pale ak Kowòdinatè Resous pou Pasyan an.



Èske ou bezwen èd pou peye chofaj ak elektrisite kay la?

Si w kalifye pou benefisye sèvis MassHealth, TANF, WIC, SSI, SNAP orswa EAEDC, ou kapab ekonomize lajan sou fakti chofaj ak elektrisite yo. Kontakte **The Fuel Assistance Program 617-349-6252** pou pran yon randevou, oswa ale sou entènèt: <https://www.cambridgema.gov/DHSP/contactforms/fuelassistance>, oswa ale nan biwo yo, 51 Inman St., Cambridge, MA.



Èske ou bezwen èd pou jwenn manje?

- Rele **Project Bread FoodSource Hotline nan nimewo 1-800-6458333** oswa **TTY (si w gen pwoblèm pou tande) nan nimewo 1-800-377-1292**. Yo ka tou ede w aplike pou pwogram kupon alimantè SNAP la.
- Si w ansent oswa ou gen yon timoun ki poko gen 5 an, ou gendwa kalifye pou resevwa èd alimantè nan men sèvis **WIC**, rele **617-575-5330**.



Èske ou bezwen èd nan zafè transpò?

Pou w benefisye transpò gratis oswa transpò ki bon mache, ou dwe rele youn nan sèvis sa yo:

- Mande Kowòdinatè Resous ou a (PRC) oswa medsen w la pou yo dirije w nan pwogram **MassHealth Transportation Program**.
- **CHA Medical Access: 617-522-3159**, rele plizyè jou alavans pou pran yon randevou.
- **MBTA The Ride: Si w itilize sèvis sa a pou premye fwa, ou dwe rele dabò “Eligibility Center” la nan: 617-337-2727**. Si ou te itilize sèvis sa a deja, ou ka pwograme yon deplasman ak: **“Greater Lynn Senior Services:” 888-319-7433** oswa **Veterans Transportation Services: 877-765-7433**.
- Si w granmoun oswa andikape, ou kapab benefisye yon pri redwi pou Kat **MBTA Transportation Access (TAP) Pass**. Pale ak Kowòdinatè Resous ou pou w benefisye sèvis sa a.
- **SCM Transportation: 617-625-1191**, yon sèvis èd Somerville Council la bay pou granmoun yo (ki gen plis pase 60 an).



Ou bezwen Èd pou Achte Medikaman yo Preskri w?

Si w pa ka achte medikaman yo preskri w, fè moun ki ba w swen an konnen epi panse a sèvi avèk Famasi CHA a.



Èske ou bezwen èd nan zafè lojman an?

Nenpòt moun ki sanzabri oswa ki pa gen yon kay stab nan Somerville ta dwe rele sèvis **Somerville Homeless Coalition nan nimewo 617-623-6111**.

Si fanmi w gen youn oswa plizyè timoun sou kont li:

- Rele sèvis “Somerville Homeless Coalition” la oswa al wè yo dirèkteman nan adrès **Chelsea DTA/DHCD, 80 Everett Ave.** (anfas sipèmakèt Market Basket la) epi pale ak **Kowòdinatè Lojman** an. Yo kapab ede w aplike pou sèvis lojman an oswa pou Èd ijan. Si yo refize ede w, fè apèl ak desizyon sa a alekri epi kontakte **Cambridge/Somerville Legal Services la nan nimewo 617-603-2700**.

Si w se yon adilt k ap viv poukont li:

- Èske ou bezwen yon kote pou dòmi aswè a? Rele **CASPAR Emergency Service Center nan 617-661-0600** oswa al wè yo nan **240 Albany St.** (gason ak fi, moun ki gen pwoblèm ak dwòg) oswa rele **Salvation Army nan 617-547-3400** oswa al wè yo nan **402 Massachusetts Ave.** (gason sèlman, yo pa dwe pran dwòg, yo pa dwe sou)

Si w se yon jèn oswa yon jèn adilt:

- Ou gen ant 17 ak 24 an: Rele **Bridge over Troubled Waters Runaway and Homeless Youth nan 617-423-9575**.
- Ou gen ant 18 ak 22 an, ou toujou lekòl, ou sanzabri oswa ou ka vin sanzabri: Rele **Youth Harbors nan 781-697-0788**.
- Ou gen ant 18 ak 22 an, ou pa lekòl ankò: Rele **ShortStop nan 617-776-3377** pou jwenn yon kay tranzisyon.
- Ou gen ant 18 ak 24 an, ou pa lekòl ankò: Rele **Y2Y Cambridge nan 617-864-0795**, pou jwenn yon kote pou rete ann ijans (open 10/15-4/15).



Al nan 2^{iem} paj la



Gid pou jwenn èd – Somerville Se 2^{iem} paj la



Èske ou bezwen èd nan zafè lojman an?

Èske ou santi w enkyè dèske ou ka vin sanzabri, ou pa ka peye lwaye kay la oswa yo ka mete w deyò nan kay la? Èske gen moun ki konn fè w abi? Èske te gen yon chanjman nan revni kay la (lanmò yon konjwen, pèt yon travay)?

- Rele **CAAS Homelessness Prevention Program nan 617-623-7370** oswa anrejistre w sou sit entènèt <https://www.caasomerville.org/homelessness-prevention-program>.
- Pou w jwenn èd legal gratis si yo vle mete w deyò nan kay la, rele **Cambridge/Somerville Legal Services nan 617-603-2700** oswa **Just A Start Legal Services nan 617-918-7518**.

Si w sibi vyolans moun ap fè sou ou anndan kay la:

Rele **SAFELINK nan 877-785-2020** oswa **RESPOND nan 617-623-5900**. Y ap ede w jwenn yon kote pou rete ak soutyen ou bezwen.



Ou Bewzen Èd pou Travay?

Rele **Career Source (Cambridge) 617-661-7867**.